**दिन—रविवार** **दिनांक—04.05.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

खेलो इंडिया यूथ गेम्स दू हजार पच्चीस आइ सांझ पटनाक पाटलिपुत्र स्पोर्ट्स कंप्लेक्स मे भव्य समारोहक संग शुरू भेल। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आओर केन्द्रीय खेल मंत्री डॉक्टर मनसुख मांडविया एकर उद्घाटन कयलनि। एही मौका पर उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा आओर सम्राट चौधरी सेहो छलाह। उद्घाटन समारोह मे लेजर—शोक संग बिहारक विरासत, इतिहास आओर ज्ञान परंपरा के देखाओल गेल। पन्द्रह मई धरि चलयवला ई खेल मे अठारह बरख सँ कम उमरिक साढ़े आठ हजार सँ बेसी युवा प्रतिभागी सभ चौबीस सय सँ बेसी पदक लेल खेलताह। पटना, राजगीर, गया, भागलपुर आओर बेगूसराय सहित छओ शहर मे अठाईस स्पर्धा होयत। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी वीडियो संदेशक माध्यमे प्रतिभागी सभ के संबोधित कयलनि। साईकिलिंग, शूटिंग आओर एथलेटिक्सक आयोजन नव दिल्ली मे होयत। उद्घाटन समारोह मे जानल—मानल अभिनेता पंकज त्रिपाठी आओर लोक गायिका मैथिली ठाकुर अपन—अपन प्रस्तुति सँ लोक सभ के मंत्र—मुग्ध कऽ देलनि।

---

निर्वाचन आयोग शीघ्रहिं ई.सी.आई—नेट ऐप लॉन्च करत। ई ऐप सभ मतदाता, निर्वाचन पदाधिकारी, राजनीतिक दलक लेल एक समर्पित डिजिटल प्लेटफॉर्म होयत, जतय चुनाव सँ जुड़ल सभ जनतब एक ठाम रहत। ई ऐप सँ लोकसभ के फराक—फराक ऐप डाउनलोड करब आओर लॉग इन आईडी याद राखब जरूरी नहि होयत। ई नव प्लेटफॉर्म मे वोटर हेल्पलाईन, वोटर टर्नआउट, सी विजिल, सुविधा टू प्वाइंट जीरो आओर सक्षम जेहेन कतेको बढ़िया ऐप सेहो रहत।

---

कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान आइ नव दिल्ली मे भारतीय कृषि अनुसंधान परिषद द्वारा विकसित भारतक पहिल दू जीनोम संपादित चाउरक किस्म के जारी कलयनि। कृषि मंत्री जनौलनि जे आजुक दिन भारतक लेल ऐतिहासिक अछि। ओ जनौलनि जे ई दू किस्म सँ उपज लागत मे कमि आओत आओर एहि सँ चाउरक उपजा बढ़त।

---

जदयूक राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष संजय झा जनौलनि जे एन.डी.ए मे सीट के लऽकऽ कोनो विवाद नहि अछि। श्री झा आइ पटना मे पत्रकार सभ सँ गपशप करैत दावा कयलनि जे बिहार विधानसभा चुनाव मे एनडीए दू सय सँ बेसी सीट जीतत। श्री झा केन्द्रक जातिय जनगणनाक निर्णय पर विपक्षी दल दिस सँ एकर श्रेय लेबय पर जनौलनि जे जखन यू.पी.एक सरकार छल तऽ ऐहि लेल किछु नहि कयल गेल। ओ जनौलनि जे आब एनडीए सरकारक क्रेडिट लेबाक विपक्ष मे होड़ मचल अछि।

---

विधानसभा चुनाव के लऽकऽ महागठबंधन दलक आइ पटना मे बैसार भेल। ई बैसारक नाम इंडिया गठबंधन संवाद कार्यक्रम देल गेल। बैसार नीतीश सरकार मे भ्रष्टाचार, अपराधिक घटना बढ़व आओर महिला हिंसा पर सरकार के घेरबाक मुद्दा पर चर्चा कयल गेल। इंडिया गठबंधनक ई बैसार मे राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव, कांग्रेसक प्रभारी कृष्णा अल्लावरू, कांग्रेस प्रदेश अध्यक्ष राजेश राम आओर वी.आई.पी प्रमुख मुकेश सहनी सहित वाम दलक कतेको पैघ–पैघ नेता सभ छलाह।

---

केन्द्रीय उपभोक्ता, खाद्य आ सार्वजनिक मामिलाक राज्यमंत्री बी.एल. वर्मा दाबा कयलनि जे अगिला विधानसभा चुनाव मे एकर बेर फेर एनडीएक सरकार बनत। महागठबंधन घटक दलक बैसार पर श्री वर्मा आइ पटना मे जनौलनि जे प्रधानमंत्री मोदीक  नेतृत्व मे बिहार मे एनडीए जीतत। ओ जनौलनि जे पूरा देश मे प्रधानमंत्री मोदीक नेतृत्व मे देश विकासक पथ पर आगू बढ़ि रहल अछि आओर बिहार सेहो ओहि रास्ता–बाटे आगू बढ़त।

---

मैथिलीक जनल–मानल साहित्यकार महेन्द्र झाक आइ कोलकाता मे निधन भऽ गेलनि। ओ छिहत्तरि बरखक छलाह। श्री झा मैथिली साहित्य जगत मे अग्निपुष्प नाम सँ जानल जाइत छलाह। ओ कतेको पत्र–पत्रिकाक संग आकाशवाणी पटनाक समाचार विभाग मे सेहो आकस्मिक समाचार सहयोगीक  रूप मे काज कयने छलाह। हुनक निधन पर कतेको साहित्यिक संस्थाक लोक सभ शोक प्रकट कयलनि अछि।

---

सीतामढ़ि जिलाक राष्ट्रीय राजमार्ग संख्या सतहत्तरि पर महिन्दवारा लऽग दू वाहनक टक्कर मे एक बच्ची सहित तीन लोकक मृत्यु भऽ गेलनि।

भागलपुर जिलाक स्थापना दिवस समारोह आइ मनाओल गेल। जिलाधिकारी डॉक्टर नवल किशोर चौधरी, वरीय पुलिस अधीक्षक हृदयकांत आओर सांसद अजय कुमार मंडल समारोहक उद्‌घाटन कयलनि। एहि मौका पर कतेको सांस्कृतिक कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल।

———————————————————————

पश्चिमी विक्षोभक कारण प्रदेशक कतेको जिला मे बादल छाओल अछि। मौसम विभाग अगिला चौबीस घंटाक बीच कैमूर, रोहतास, गया आओर नवादा मे मेघ गर्जनक संग बारिश आओर ठनका खसय के लऽकऽ औरेंज अलर्ट जारी कयलक अछि। एहि बीच अन्हर–बिहारि सेहो चलि सकैत अछि। ओतहि, छओ मई कऽ सीमांचलक जिला मे सेहो बारिश आओर ठनका खसय के लऽकऽ औरेंज अलर्ट जारी कयल गेल अछि। एहि बीच राज्यक आनो–आन जिला मे हल्लुक बारिशक संग ठनका सेहो खसि सकैत अछि।

———————————————————————

समाप्त